



## ANONS POLITIK

*Operasyon sou teren 2023-2*

**Politik:** Retrè Demann BRC ki Enkonplè oswa Abandone

**Dat Antre an Vigè:** 1ye oktòb 2023

Lyen politik la: <https://www.mass.gov/doc/abandoned-or-incomplete-brc-request-removals-policyhaitian-creole/download>

### APÈSI

Pou asire ke lis demann verifikasyon istwa pase (BRC) ki annatant yo ajou epi Depatman Edikasyon ak Swen Bonè (EEC) pa fè verifikasyon Istwa pase sou kandida yo pran anprent yo apre fòmilè konsantman BRC yo ekspire, EEC pral retire demann BRC ki abandone oswa enkonplè nan Pòtay Pwogram Navigatè BRC a apre kat mwa.

Sa pral afekte sèlman nouvo kandida ki gen demann BRC:

- ki gen plis pase kat mwa, epi
- kote kandida a pa t pwograme yon randevou anprent oswa bay anprent.

Aplikasyon pou renouvèlman BRC pou anplwaye pwogram ki deja egziste yo pa pral afekte nan moman sa a.

### APLIKABILITE

Règleman sa a aplike pou tout pwogram EEC ki gen lisans, apwouve, oswa finanse.

### MIZAJOU KLE

- Politik Mizajou
  - EEC ap diminye delè a de yon ane a kat mwa pou lè ECC pral retire demann BRC ki abandone oswa enkonplè nan Pòtay Pwogram Navigatè BRC a.
  - Apati mwa out 2023, tout pwogram EEC ki gen lisans, apwouve, oswa finanse yo ap itilize Pòtay Pwogram Navigatè BRC pou pwosesis BRC a. Se poutèt sa, règleman sa a afekte tout tip pwogram yo.

### RESOUS

Si oumenm oswa anplwaye ou gen kesyon sou politik sa a oswa ou bezwen sipò adisyonèl, tanpri kontakte Sant Kontak EEC la nan 617-988-7841.

### OBSOLÈT (ki pa sèvi ankò)

Politik sa a ranplase politik EEC pou retire demann BRC ki abandone oswa enkonplè nan Pòtay Pwogram Navigatè BRC apre yon ane, ki te pibliye nan dat 29 out 2022.